THE
LEGAL AID
SOCIETY
Justice in Every Borough.

**Li nga wara xam ci laqukaay yi sudee da ngay sooga aksi New York City**

Sudee da nga nekk New York City te amoo fenn fu wóor ngir fanaan fa, am nga sañ-sañu am ab lalu làqukaay. Sudee da nga ñëw New York City ci lu yaggul dara joge ci beneen réew te amoo beneen barab bu wóor bi nga mëna dëkk, am nga sañ-sañu am ab laqukaay, ak fi sa tolluwaayu imigere mëna nekk. Noo ngi lay xamal ni amoon na fi ay coppite yu yaggul dara ci sañ-sañu am laqukaay ngir benn mag ak njabóotu mag yuy sooga aksu. Jangal sunu costéef bu mat sëkk bi ci yile coppite [fii.]

**Kan moo nit kuy "sooga ñëw' ak lu tax firi boobu nekk lu am solo?**

Képp ku dugg Amerik apare 15 Mars, 2022 dañ koy jàppee niki "kuy sooga aksi." Ñiy sooga aksi di nañu dugg ci beneen sistemu laqukaay bu wuute ak bu ñi nekkoon Amerik ci diir bu gëna yàgg.

**Fan laay mëna amee ab laqukaay ci New York City niki kuy Sooga Aksi?**

Sudee da ngay Sooga Aksi te nga soxla laqukaay ci yoon bu njëkk, da nga wara dem ci Santaru Aksi bu nekk Roosevelt Hotel, 45 E 45th Street, New York, NY, 10017, ci wetu Grand Cental Station. Santaru Aksi bi dina ubbi 24 waxtu bis bu nekk, juróom ñaari fan ci benn ayu-bis te mën na la jàppale nga am laqukaay ci New York City wala ci beneen barab bi nga tànn.

Santaru Aksi bi mën na la jox itam ay sàrwiis yu mel ni bindu ci asiransu wergu-yaram, ndimbal ci wàllu paj ak sàrwiisi wergu-yaramu xel. Ci Santaru Aksi bi, di nga amal ab admission. Sudee bëggoo jot ndimbal ngir joge New York City, kon mën nañ la jagleel ab lal ci ay xeeti laqukaay yu bari.

**Lan mooy xew suma bëggee génn New York City wala Etaa bu New York?**

Wax ak ku bokk ci liggéeykat yi ci Santaru Aksi bi wala sa laqukaay. So amee feneen fi nga bëgg a dem, liggéeykat yi mën nañ la jàppale ngir fayal la ko ak ngir nga mëna réserver tiket ngir dem foofu. Santaru Aksi bi mën na la jàppale nga dem ci beneen Etaa wala sax ci beneen réew.

**Yan xeeti laqukaay la lay wara mëna jox ngir nga nekk fa?**

**HERRC** HERRC mo ngi tekki Humanitarian Emergency Response and Relief Center. Laqukaay yii dañuy jàppale nit ñi ak njabóot yi. Am na gën gaa neew juróom ñaari HERRC ci biir New York City. HERRC yi ci ëpp ngir benn mag njabóot yu am ay mag dañ leen boole (luy tekki ni da ngeen di bokk benn barab nelawukaay ak ñeneen). Njabóot yu andak ay ndaw dañuy nekk ci ay nekk wala cabines yuñ leen jagleel ñoom kese. Ngir gan yépp; dañuy joxe añ ci barab bi (amul benn barab bi nga mëna toggalee sa bopp). Sàrwiis yi bokk na ci fóot, wergu-yaram, sàrwiisi toxu ak saytu dosiyee.

**Santari noppalu yi** Santari noppalu yi ay laqukaay yuñu boole lañu te ci ngir dëkkuwaay ci diir bu gàtt kese lañ ko jagleel. Ñi fa dëkk mën nañu fanaan ci ab néeg bu am ay nit yu bari. Fimne nii, njabóot yu am ay xale duñ leen jagleel Santari Noppalu yi, yile santar dañuy jàppale ay maggi salibateer ak ay njabóot yu am mag (ñu tëralee niki ñaar wala ay mag yu bari ci ab mbokk yu amul xale) Santaru Noppalu yi ay barab yu bari, bokk na ci tabaxi biro yi, jangu yi, daara yi ak yeneen tabax yu amul dara yuñu jagleelul ab jëfandikoo ci diir bu yàgg. Santari Noppalu yi dañuy jox gan yi ab lal ak ab darap, ay lekk ak mëna dugg ci ab duus (duus yi mën nañu nekk ci biti). Lépp, Santaru Noppalu yi ay sàrwiis yu neew lañuy joxe.

Laqukaayu OHS Jëwriñ bi Yore Sàrwiisu ñi amul Laqukaay bu New York City ("DHS") mooy sistemu laqukaay bu gëna mag. Aksi yu bees yi ci sàrwiisi laqukaayi DHS lañ leen mëna jotee jaare ko ci ab royuwaay ci Santaru Aksi bi ci Roosevelt Hotel. Mën nga am ab placement DHS su Santaru Aksi bi mënul am placement bu baax ngir yaw ci ab HERRC wala Santaru Nopalu. DHS dafa am ay sistemi laqukaay yuñu jagleel magi salibateer yi, magi salibateer yu jigéen ak njabóot, ak njabóot yu am ay xale. Laqukaayi DHS yuñu jagleel magi salibateer dañuy faral di nekk ay barab yuñu boole. Njabóot yu am ay xale ak nit yu ëmb yi dañuy am seen néegi bopp.

**Porogaramu Laqukaay buñu jagleel wey-gëm yi** Yenn këri jaamukaayu yalla yi (ñu xamee leen itam ci "barab yuñu jagleel wey-gëm yi") dina ñu dëkkal lu toll ci 20 magi salibateer ci bara bu nekk. Nit yuñu dugal ci yile barab guddi kese lañuy mëna dem ci barab yi te dina laaj ñu wut barab buñuy dem bëcëk.

**Yan tànnéefi laqukaay ñoo am ci biti New York City?**

New York City luwe na ay otel ci bëj-gannaaru Etaa bi ngir dalal ñiy Sooga Aksi. Fimne nii, ci biti New York City, njabóot yu am ay xale ak ay mag dañuy am néeg ak duus yuñ leen jagleel ñoom kese. Salibateer yi dañuy bokkante néeg. New York City dina joxe lekk ak jëgu dem ak dikk ci Dëkk bi ngir wàllu paj ak ndaje yu mengook imigarsioŋ.

**Luy xew sudee dama amee laago te ma soxla laqukaay bu wuute ak yeneen yi?**

Bépp nit buy wut ab laqukaay te mu amee laago amna sañ-sañu laaj ab dëkkuwaay wala ab “RA” bu jaadu. RA ab coppite le ci ab sistem ngir nit ku amee laago mëna jot ci sàrwiis yimu soxla. So soxla ab RA ngir sa laqukaay, wax ko liggéeykat yi nekk ci sa laqukaay wala ci

Santaru Aksi bi. Wala, so nekkee ci acb laqukaayu DHS, mën nga remplir Formileeru Càkkutéefu RA bu DHS. Yenn barabi laqukaay yi, rawatina Santaru Noppalu yi, jagleelu ñu leen nit yu amee yenn laago yi kin lu am solo la nga def sa càkkutéefu ngir am ab RA so bindoo ba noppi ngir am ab laqukaay.

**Yan keyit laay soxla ngir am ab RA?**

Sudee sa laago dafa nekk luy "feeñ," muy tekki ne nit ñu mën nañu gis li nga soxla, soxlawul ngay joxe benn keyit ngir am ab RA (ci misaal, sudee da ngay jëfandikoo ab chaise roulante). Sudee sa laagi feeñul, kon xeyna dina laaj nga dem seeti ab doktoor wala nit ku ci xarañ ku xam sa laago te dafay laaj ay keyit. Ab doktoor, infirmier, fajkat, wala beneen nit buy liggéey clinique bu xam dara ci sa laago mën nala jox keyit yi. Fajkat bi dafa wara bind ab bataaxal bu wone: 1) lan mooy sa laago wala sa diagnostik; 2) dëkkuwaaty bi ngay wut; **AK** 3) lu tax sa laago soxla càkkutéefu dëkkuwaay bu xejjiku ci ab laqukaay. Da nga wara jébbal sa càkkutéef ak keyit yu koy firndéel ci laqukaay wala liggéeykat yi nekk ci Santaru Aksi bi, te dañ la wara xamal dogal biñ ci jël ci ni mu gëna gaawee. Mën nañu laaj ndax mën nañu wax ak fajkat bila bindal bataaxal bi nga yónnee suñu amee ay laaj ci say soxla. Yeneeni leeral ci niñuy lijatiwee RA ci laqukaayu DHS fii.

**Suma nekkee nit ku jappee boppam ab gay, lesbien, bisexuel, trans wala pédé ("LGBTQ+"), ndax mën na laaj ab dëkkuwaay bu xejjiku? Yan sañ-sañ la am ci NYC?**

Yoon meyul ab laqukaay bu nekk New York City mu baña nangu nit ndax limu ci LGBTQ+. Am nga sañ-sañu am laqukaay ci barab bu dëppook sa péetey awra. Sudee da nga jàpp ni nekkoo ci kaarànge ci ab laqukaay ndax li nga bokk LGBTQ+, waxal ak liggéeykat yi te xamal leen luñu soxla ngir nekk ci kaarànge.

Ca HERRC bi ci Randall's Island, Dëkk bi xaaj na benn ci tant yi ci ay barab bu wuute ngir gan yi nga xamantane ay Transgenres lañu wala ñi non conforme au genre lañu ("TGNC"). Barab bii dañ ko jagleel képp kuy jàppee boppam niki ab transgenres, non binaire wala pédé. Fimne nii, bayaalu TGNC amna 28 lal yuñu xaajale ak yeneen lali tant yi ak ab cloison. Barabu TGNC bi amna beneen kaarànge buñ ci dolli, waaye gani TGNC ñoo bokk ba tey yeneen barab yi, bokk na ci ab cafetaria ak mbooleem askan wi ak gan yi nekk ca Randall's Island.

Kiliyaan yi nekk ci laqukaayu salibateer yi ci DHS bi mën nañ am ay lal yuñu jagleel kiliyaani LGBTQ+. Marsha's House ab laqukaayu DHS bu nekk Bronx buy dalal magi LGBTQ+ yi kese. Dañ ko ubbil kiliyaan yu am 18 ba 30 at te amna 81 lal. Gan yi nga xamantane ay cisgenres lesbiennes ak gani bisexuel di nañ leen teg ci gën gaa neew ci ab laqukaayu góor wala jigéen sudee mënu ñu leen dugal ci Marsha's House. Yenn laqukaayi DHS am nañu ay néegi salibateer yu jàppandi ngir gani TGNC.

**Luy xew suma soxla ab dëkkuwaay bu dëppook sama diine?**

Yoon nanguwul liggéeykat yi ci shelter bi traité kenn ci anam bu wuute ndax seen gëm-gëm ci wàllu diine. Ci yenn anam yi, Dëkk bi mën nala jox ab dëkkuwaayi diine. Santaru Aksi bi ak HERRC yi ci ëpp, ci misaal, joxe ay lekk yu halal. Laqukaayi DHS, HPD, ak NYCEM dañuy joxe ay lekk yu halal so ko laajee. HERCC yi dañoo am ay barab yuñ leen jagleen ngir ñu juli fa. Waaye, New York City duy faral di honoré cakkutéefi dëkkuwaay yi ci laqukaay yu xejjiku àju ci ay yëfi diine.

**Luy xew suma bëggee amal ab ñaxtu ci sama laqukaay?**

Sudee da nga nekk ci ab laqukaayu DHS, am nga sañ-sañu déposé ab pilent ci processus pilent bu DHS. Am nga itam sañ-sañu baña am ay jafe-jafe so déposé ab pilent. Mën nga déposé ab pilent ciBiro Ombudsman (ombudsman@dss.nyc.gov wala 800-994-6494) wala nga jokkook Santaru Pilent bu DHS ca 718-291-4141.

So nekkee ci ab Santaru HERRC, ab Santaru Noppalu, otel, laqukaay buñu jagleel wey-gëm yi laajal liggéeykat yi ci laqukaay bi nañ lañuy déposé ab ñaxtu. Amna ay HERRC yu am ay formileeri pilent.

**Yan ñooy sàrti laqukaayu 30 fan ak 60 fan?**

Dëkk bi moo ngi doon joxe ay yëgley 30- fan ak ay yëgley 60-fan ci ñiy Sooga Aksi ci yeen xeeti laqukaay yi. Mag yuy sooga ñëw yépp nekk ñoom kenn wala ak seen njabóot dina ñu jot ab 30 wala 60-fani yëgle (ngir am yeneeni leeral ci niñ koy defee ak nan lañuy sa diirup nekk ci laqukaay bi, yëral: [lëkkalekaayu LFN bu bees bi]). Njabóot yu andak ay xale yu dëkk ci HERRC yi dina ñu jot ci ay yëgley 60-fan ( receive 60-day notices (gir am yeneeni leeral ci niñ koy defee ak nan lañuy sa diirup nekk ci laqukaay bi, bësal: fii.

**Jot Ndimbal**

Sudee da ngay Sooga Aksi te nga soxla kuy lay jàppale bi ñu gisee ni mënoo am ci laqukaay yi, nangu wuñu ñu yokk diir bi ngay nekk ci laqukaay bi, wala so soxlaa dëkkuwaay ndax li nga doon ab laago, mën nga woo waa Legal Aid Society’s Homeless Rights Project ci 212-298-3160.

Mën nga jot itam Porogaraamu Crisis Intervention ca Coalition for the Homeless so wootee ci 1-888-358-2384 ci bisu liggéey yi digante 9 waxtu ci suba ak 5 waxtu ci ngoon. Liggéeykati Coalition for the Homeless mën nañ la jàppale ci telefon wala war nañu mëna joxe ay ndaje ci seen teewaay ci ay rendez-vous kese. Ngir jël rendez-vous da ngay njëkka woote ci buumu jokoo bi.

**Deggoo wu ñakka kiliftéef**

Xibaar yii nekk ci wayndare bii The Legal Aid Society moo leen waajal ngir ay jubluwaayi xamle kese te nekku ñu ay tektali yoon. Joxe wuñu xibaar yii ngir sos, te seen jotiin nekkul ab lëkkaloo bu am digante kiliyaan ak awokaa. Warulo jëfee benn xibaar te seeti woo nit ku xarañ ci wàllu yoon.